

TANPRI RANPLI OKONPLÈ

Non Sèvis la: _____ Nimewo Kont: _____

Non (ekri byen klè) _____

Telefòn Kay la: _____ Telefòn Lajounen: _____ Telefòn Selilè: _____

Adrès Sit Enstalasyon: _____ Kòd Postal: _____

Adrès Lapòs (si li diferan de kay la): _____ Kòd Postal: _____

Adrès Imel: _____

ENFÒMASYON MACHIN A LAVE

Mak Nouvo Machin Alave: _____ Nimewo Modèl: _____

Kantite: _____ Dat Enstalasyon: _____

AKÒ POU RABÈ – LIBERE DE RESPONSABILITE JIDISYÈ

Yo va emèt yon chèk rabè pou \$150 peyab a kliyan konpayi dlo ki nan rejis la. MDWASD gen dwa derefize nenpòt aplikasyon ki pa ranpli egzijans ki etabli pou patisipasyon nan pwogram li an, jan nou kapab li nan do fòm sa-a kote ki make *Dispozisyon ak Kondisyon yo Pou Patipasyon Nan Pwojè*. MDWASD rezève dwa pou li chanje pwogram sa-a nenpòt lè. Yap bay rabè yo dapre premye vini premye sèvi toutotan ke rete lajan nan pwogram la. MDWASD rezève dwa pou li fè chanjman nan finansman pwogram lan jan li pito, epitou ankenn moun kap ranplin yon aplikasyon pou rabè va garanti oswa gen dwa resevwa yon rabè.

Kòm youn nan kondisyon pou jwenn yon rabè nan pwojè sa-a, moun ki siyen pi ba la-a dakò bay MDWASD dwa enspekte tout enstalasyon machin a lave yo. Lè MDWASD fè yon lis Machin A Lave Wot Rannman yo sou lis Machin A Lave ki kalifye li yo, se jis elijibilite yo ke MDWASD idantifye sèlman pou rabè nan pwojè sa a kidonk li pa andòse ni rekòmande ankenn nan machin a lave sa yo ki sou lis la. MDWASD pa responsab kalite machin alave ke yon moun achte epitou li pa garanti ni kouvri ankenn machin a lave, oswa ekipman ki fè pati de nenpòt machin a lave, oswa enstalasyon de nenpòt machin a lave. MDWASD pa reprezante ankenn machin a lave kòm machin a lave ki bon pou enstale nan ankenn anplasman espesyal, epitou li renonse tout dispozisyon garanti oswa efikasite pou nenpòt rezon ki bay pa konpayi yo. MDWASD pa garanti oswa menm di ke bòdwo dlo yo ap mwens poutèt yon moun patisipe nan pwogram sa-a. MDWASD pa responsab pou ankenn dega ki fèt sou pwopriete aplikan yo kòm rezilta retire ansyen machin la oswa enstale nouvo machin la pou pwojè sa-a. Moun ki siyen pi ba la-a rekonèt ke enstalasyon yon machin a lave gen dwa mande pou yon moun genyen yon pèmi konstriksyon epi pou yo anplwaye yon kontraktè ki genyen pèmi. Pa genyen ankenn klòz la-a ki pou entèdi oswa frennen Konte Miami-dade ranfòse dispozisyon yo nan nenpòt seksyon nan Kòd Konte Miami-Dade, Kòd Konstrikasyon Florid la epi nenpòt pèmi ki pran la-a, oswa nenpòt lòt reglemantasyon, Eta, òdonans, oswa egzijans, epitou yo pap bay ankenn rabè pou travay ki ta reyalize an kontravansyon nenpòt nan sa ki renimere la a. Moun ki siyen la-a se sèl moun responsab pou jwenn pèmi ak anplwaye kontraktè ak pèmi pou reyalize travo enstalasyon yo.

Moun ki siyen anba la-a dakò pou li pa kenbe MDWASD, direktè liyo, ak anplwaye li yo responsab pou oswa kont ankenn pèt, dega, depans ak responsab libète jidisyè ki ta genyen pou wè ak acha, enstalasyon, izaj, oswa deplase yon machin a lave. Nan zak siyen fòm sa a, mwen dakò ke mwen li, konprann, epi dakò a dispozisyon yo ak kondisyon yo ki nan pwogram rabè sa a, enkli seksyon Dispozisyon yo ak Kondisyon yo Pou Patipasyon Pwogram sa ki deyè do fòm aplikasyon sa a. (Gade do papye an).

Mwen li epi konprann egzijans etabli nan Pwogram Rabè pou Machin A Lave Wot Rannman an jan sa deklare nan Reglemantasyon Pwogram la. Mwen konprann ke mwe dwe jete tout machin a lave ke map ranplase yo pou zòt pa re-itilize yo.

Siyati Aplikan: _____ Dat: _____

Dispozisyon yo ak Kondisyon yo Pou Patisipasyon Nan Pwojè

1. Tout patisipan yo sijè a yon enspeksyon machin a lave anvan ke yo resevwa yon rabè.
2. Pwogram la sijè a disponibilite fon lajan yo epi MDWASD rezève dwa li pou chanje pwogram la nenpòt lè san avize moun.
3. MDWASD rezève dwa pou li derefize nenpòt aplikan nan patisipasyon ki pa ranpli kritè etabli pou pwogram lan la-a.
- 4. Se Machin A Lave Wot Rannman yo ki sou lis apwouve pa MDWASD ki va kalifye pou rabè an. Se pou yo soumèt nimewo modèl machin a lave ki achte an ak non konpayi manifakti an.**
5. Machin a lave ki kalifye yo fèt pou yo enstale , nan yon fason ki konfòm ak tout lwa aplikab yo, òdonans yo, ak kò konstriksyon yo, anvan yo soumèt yon aplikasyon rabè.
6. Se pou postaj aplikasyon rabè an date de 60 jou de jou dacha.
7. Machin a lave ki apwouve yo fèt pou enstale nan yon anplasman ki chita nan zòn jeyografik andedan Konte Miami-Dade la.
- 8. Se pou fich dacha ak dat orijinal la soumèt ansanm ak aplikasyon an.**
9. Yo va refize tout aplikasyon ki pa ranpli okonplè epitou sa ki pa genyen fich dacha ak dat orijinal la.
10. Nimewo Kont Bòdwo Dlo Aplikan an fèt pou soumèt sou aplikasyon an an non konpayi itilite ki bay lokal la sèvis.
- 11. Montan rabè an aplikab pou acha machin a lave ki apwouve yo.**
12. Nouvo konstriksyon yo pa kouvri nan rabè sa-a.
13. MDWASD pa responsab pou rabè ki pèdi yo oubyen an reta nan lapòs la. Yon fwa MDWASD poste rabè yo, li va konsidere ke yo resevwa yo.
14. Non aplikan an dwe menm ak non ki nan rejis kont konpayi dlo an.

FOR MDWASD –OFFICE OF WATER-USE EFFICIENCY ONLY

Application Received: _____

Application Approved: Yes _____ No _____

Certified by: _____
Water Conservation Manager

Poste Fòm lan bay: Miami-Dade Water and Sewer Department
Office of Water-Use Efficiency Program
3071 SW 38 Avenue
Miami, FL 33146

Nimewo Telefòn: (786) 552-8974

imel: WASD_waterconservation@miamidade.gov